Usazvinetsa kuwana fuma;
rega kungwara kwako.
Unoda kuzvitarira nameso ako?
nekuti zvirokwazvo fuma
inozviitira mapapiro;
vanobhururukira kudenga segondo.

ZVIREVO 23:4-5

Akati kwavari: Chenjerai muchenjerere ruchiva, nekuti upenyu hwomunhu hahusi mukuwanda kwezvinhu zvaanazvo. Akataura mufananidzo kwavari, achiti: Munda womumwe mufumi wakabereka kwazvo; akafunga mukati make, achiti: Ndichaitei, nekuti handina nzvimbo pandingaunganidzira zvibereko zvangu? Akati, Ndichaita izvi: Ndichaputsa matura angu, ndivake makuru; ndipo pandichaunganidzira zvibereko zvangu zvose nenhumbi dzangu. ndigoti kumweya wangu: Mweya, une zvinhu zvizhinji zvakanaka, zvakachengeterwa makore mazhinji; zorora, idya, imwa, uye fara. Asi Mwari akati kwaari: Dununu, usiku hwuno mweya wako uchadikamwa kubva kwauri; ko izvo zvawagadzirira, zvichava zvaani? Zvakadaro kune unozviunganidzira fuma, asi asina kufuma kuna Mwari. RUKA 12:15-21

...Vana, zvakaoma sei kune vanovimba nepfuma kupinda muumambo hwaMwari! MAKO 10:24

Nekuti zvinobatsirei munhu, kana akawana nyika yose, akarashikirwa nemweya wake? Kana kuti munhu uchapei kuti chive muripo wemweya wake? MAKO 8:36-37

Anoda sirivha, haangagutswi nesirivha; naiye unoda zvakawanda, haane zvibereko; naizvozvowo hazvina maturo. MUPARIDZI 5:10

Isai pfungwa dzenyu pazvinhu zviri kumusoro, kwete pazvinhu zvenyika. VAKOROSE 3:2

Asi uMwari nekugutsikana ndiwo mubairo mukuru; Nekuti hatina kuuya nechinhu panyika, uye hatigoni kubuda nechinhu; uye kana tine chikafu nezvekufuka tichagutsikana neizvozvi. 1 TIMOTI 6:6-8

Regai kuvimba nokumanikidza, Regai kuzvikudza pamusoro pokupambara; Kana fuma ichiwanda, regai kuinamatira nomoyo. PISAREMA 62:10

Wakaba ngaarege kubazve; asi zviri nani kuti atambudzike achibata chinhu chakanaka nemaoko, kuti ave nechaangapa unoshaiwa. VAEFESO 4:28

Tengesai zvamunazvo mupe varombo zvipo; muzviitire zvikwama zvisingasakari, fuma kumatenga isingaperi, kusina mbavha ingasvika kana zvipfukuto zvingaodza. Nekuti pane fuma yenyu, ndipo pachavawo nemoyo yenyu. RUKA 12:33-34

Asi kana uchiita basa rerudo, ruoko rwako rweruboshwe ngaruregе kuziva zviri kuitwa neruoko rwako rwerudyi, kuti kuita kwako basa rerudo kuve pakavanda;
uye Baba vako vanoona pakavanda vachakuripira pachena. MATEU 6:3-4

Akakomborerwa ane hanya navarombo; Jehovha achamurwira panguva yokutambudzika. PISAREMA 41:1

Tongerai mhaka dzavarombo nenherera; Ruramisirai vanotambudzika navanoshayiwa. PISAREMA 82:3

Anovimba nefuma yake, achawa; Asi vakarurama vachanaka sedavi. ZVIREVO 11:28

Mumwe ariko anozviti ndiri mufumi, kunyange asina chinhu; Mumwe ariko unozviti ndiri murombo, asi ane fuma zhinji. ZVIREVO 13:7

Anoshora wokwake, anotadza; Asi ane tsitsi navarombo, ane mufaro. ZVIREVO 14:21

Anonzwira varombo tsitsi, anoposana naJehovha; uye chaakapa, uchamuripirazve. ZVIREVO 19:17

Zita rakanaka rinofanira kusanangurwa kupfuura fuma zhinji; Uye kudikamwa kupfuura sirivha nendarama. ZVIREVO 22:1

Ane moyo munyoro acharopafadzwa; nekuti anopa varombo zvokudya zvake. ZVIREVO 22:9

Anopa varombo, haangazoshaiwi; Asi anotsinzina meso ake, achatukwa kuzhinji. ZVIREVO 28:27